

5.- DIGLEKATU TEGTALBI

Man maay kiy wane yoon wi ngay wara jaar. Bookk na ci liggeey yi gënë am solo ci liggeey yiñiy defe fii ci ekool bi, ndax moom mooy fexe ba nit ñu bookkul fuñu jóge dund ci jàmm. Li muy fexe mooy xam kenn kuné nan la mel, ak lan la mën, loolu mooy bu njëkk bi, bu ñaarel bi mooy boole jàngalekat yépp ñu doon benn ngir ñu mënë toppatoo bubaax eleew yi.

Loolu moo waral liggeey bi liggeeyu mbooloo lay doon boo xameeni képp ku nekk ci ekool bi dinga ci bookk. Suñu mebët mooy ñu booloo ngir dimbéle eleew bu nekk ci li mu yelloo. Ndax amna ñoo xamni dañu muus, am ñoo xamni dañoo tane, am ñoo xamni amuñu xel bu baax.

Beneen liggeey ci ligggeeyu ñiy tette nit ñi mooy ñuy waxtaan ak képp kuy jàngge ci ekool bi. Moo tax waxtu woo amee jafejefe ci linga bëgg doon ëlég, wolla ci sa nekkin ak say moroom wala ñilay jàngal, mën nga dem waxleen ko ñu seet nuñu koy saafaraa